ENFÒMASYON KI ENPÒTAN:

Klasman zetwal Medicare 2027

Official U.S. Government Medicare Information

AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO-D-SNP) - H6378

Pou 2027, AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO-D-SNP) - H6378 te resevwa klasman zetwal sa yo nan men Medicare:

Klasman zetwal jeneral la:	Pa gen ase done ki disponib*
Klasman sèvis sante yo:	Pa gen ase done ki disponib
Klasman sèvis medikaman yo:	Pa gen ase done ki disponib

**Gen kèk plan ki pa gen ase done pou yo evalye pèfòmans yo.*

Chak ane, Medicare evalye plan yo apati yon sistèm klasman ki gen 5 zetwal.

Rezon ki fè klasman zetwal yo enpòtan

Medicare klase plan yo selon sèvis sante ak sèvis medikaman yo bay yo.

Klasman sa a se yon mwayen ki fasil pou konpare diferan plan selon kalite ak pèfòmans yo.

Klasman zetwal yo depann de plizyè faktè, tankou:

- Sa manm yo di konsènan sèvis ak swen yo jwenn atravè plan an
- Kantite manm ki soti oswa ki rete nan plan an
- Kantite plent Medicare te resevwa sou plan an
- Done ki soti nan doktè ak lopital ki travay avèk plan an

Kantite zetwal yo montre si plan an bay bon pèfòmans.

★★★★★ EKSELAN
★★★★☆ ANLÈ MWAYÈN NAN
★★★☆☆ MWAYEN
★★☆☆☆ ANBA MWAYÈN NAN
★☆☆☆☆ PA BON

Pliz yon plan gen zetwal, plis se yon bon plan. Pa egzanp, sa vle di yo manm ka jwenn pi bon swen ak yon sèvis kliyan wo kalite ki rapid.

Jwenn plis enfòmasyon sou klasman zetwal yo sou Entènèt

Konpare klasman zetwal plan sa a avèk lòt plan sou sit Entènèt **Medicare.gov/plan-compare**.

Ou gen kesyon sou plan sa a?

Kontakte AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO-D-SNP), 7 jou sou 7, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè, nan lè Lès, nan 800-858-1487 (nimewo gratis) oswa 711 (TTY), ant dat 1ye oktòb ak 31 mas. Orè nou an ant dat 1ye avril ak 30 septanm se lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 8 è nana swè, nan lè Lès. Si w deja yon manm, tanpri rele nan 833-535-3767 (nimewo gratis) oswa nan 711 (TTY).